



Pou Piblikasyon Imedya: 14/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL PWOPOZE INISYATIV KI FÈ GOUVÈNMAN TRAVAY PI BYEN
POU FOUNI SÈVIS EFIKAS, KI FAVORAB POU KONSOMATÈ YO EPI KI PÈMÈT
KONTRIBYAB YO EKONOMIZE DÈ DOLA**

***Kreye yon tablodbò pwojè kapital ak kat envantè pwopriyete ki aksesib pou piblik
la pou amelyore transparans ak efikasite***

Ogmante aksè nan sèvis gouvènman yo nan kominote ki gen gwo bezwen yo

Kreye yon Biwo Inovasyon ak Efikasite nan Eta a

***Ranfòse sibèsekirite nan rezo yo, ogmante fòmasyon pou anplwaye gouvènman
yo***

***Modènize pwosesis pou papye travay dijital pou adolesan yo pou senplifye
pwosesis la epi redwi fado pou anplwayè yo***

Ogmante opòtinite pou MWBE yo epi konstwi Pwojè Kapital yo pi vit

Gouvènè Kathy Hochul te devwale jodi a yon seri inisyativ ki fèt pou fè gouvènman an travay pi vit ak pi efikas pou tout Nouyòkè yo kòm yon pati nan Diskou Eta Leta 2025 li a. An patikilye, Gouvènè a pwopoze pou avanse yon seri refòm ki fèt pou asire ke gouvènman Eta Nouyòk la reyalize pwojè enfastrikti ki chanje ak amelyore lavi yo.

"Gouvènman an ta dwe founi, epi delivre avèk efikasite epi yon fason efisyan paske lajan w fè anba redi yo peye pou sa", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwopozisyon sa yo ki baze sou sèvis kliyan yo fèt pou asire n ap travay di pou bay bon jan kalite sèvis ki konsantre sou bay tout Nouyòkè sèvis modèn ak senplifye nan tout kwen eta a."

Ogmante vitès, ekite, ak efikasite nan livrezon pwojè kapital la

Elaji metòd altènatif livrezon pwojè yo

Lwa eta a preskri kijan ajans yo ak otorite yo dwe fè livrezon pwojè kapital yo. Anpil ajans ak otorite Eta yo limite ak yon seleksyon apwòch livrezon etwat, tankou konstriksyon konsepsyon-òf. Pandan ke metòd yo otorize kounye a yo byen adapte pou kèk pwojè, yo pa toujou ki pi byen adapte. Tou depan de gwosè, nati, ak delè yon

pwojè, apwòch altènatif livrezon pwojè tankou konstriksyon konsepsyon pwogresif, jesyon travay ak jesyonè travay antanke konstriktè ka pi apwopriye epi yo ka delivre pwojè pi vit ak pi rantab. Apwòch livrezon altènatif pèmèt tou pou yo sèvi ak pi bon kalite seleksyon valè, ki bay yon baz ki pi egal pou ti konpayi ak sa k ap emèje yo epi sipòte patisipasyon plis Antrepriz Bzinis Minorite ak Fanm Posede (Minority- and Women-Owned Business, MWBE). Pou amelyore efikasite livrezon pwojè yo epi kontinye sipòte aksè MWBE nan kontra piblik yo, Gouvènè Hochul pral travay pou amande Lwa sou Envestisman Enfrastrikti ak lòt lwa ki enpòtan pou bay ajans ak otorite yo plis fleksibilite nan fason yo livre pwojè yo epi asire yo kapab itilize pi bon zouti pou travay la.

Ogmante Opòtinite pou Antrepriz Biznis Minorite ak Fanm posede nan akizisyon Eta a

Akizisyon piblik nan Eta Nouyòk sijè a yon pakèt revizyon ak apwobasyon. Pou ogmante patisipasyon MWBE yo nan kontra Eta yo pandan y ap akselere pwosesis akizisyon an, ajans ak otorite yo konplètman oswa pasyèlman egzante sèten egzijans akizisyon lè yo fè acha diskresyonè ki rive jiska 750,000 dola nan MWBE sètifye yo. Apati siksè modèl sa a, Gouvènè Hochul pwopoze pou ogmante sèy acha diskresyonè pou MWBE a 1.5 milyon dola, sa ki mete sèy Eta a an akò ak MTA ak Vil Nouyòk. Nòmalizasyon sèy sa yo pral ogmante efikasite pandan y ap sipòte angajman Gouvènè a pou elaji opòtinite pou konpayi MWBE yo.

Pwofite ekspètiz Otorite Dòtwa a pou akselere pwojè minisipal yo

Kominote yo atravè eta a bezwen envestisman pou konstwi pak yo, enfrastrikti ak pwojè rezistans yo, ak lòt enstalasyon minisipal ki soutni kominote nou yo epi fè Nouyòk yon kote ki atiran pou viv. Fè pwojè sa yo fini pi vit epi ak mwens pri pral benefisye kominote yo atravè Eta a.

Pou bay lokalite yo kapasite pou yo itilize nouvo resous pou akselere konsepsyon ak aplikasyon pwojè yo, Gouvènè Hochul pral avanse lejislasyon pou pèmèt minisipalite yo itilize planifikasyon, konsepsyon, akizisyon ak sèvis jesyon konstriksyon renome Otorite Dòtwa nan Eta Nouyòk la pou pwojè yo. Chanjman lejislatif sa a pral ede minisipalite ki enterese yo koupe plis riban sou pwojè ki pi anbisye yo.

Elaji Otorite Lis Pre-Kalifye a

Pre-kalifikasyon vandè se pwosesis pou evalye founisè ak kontraktè pou asire yo satisfè kalifikasyon espesifik anvan yo kapab fè apèl d'òf sou yon pwojè. Lwa eta a otorize anpil minisipalite atravè eta a pou yo sèvi ak pratik prekalifikasyon vandè yo pou asire ke kontra yo akòde sèlman ak kontraktè ki gen anpil kapasite ak kalifye ki kapab bay bon jan kalite travay alè ak nan bidjè a. Ajans ak otorite Eta yo pa gen otorite ki laj konsa an pou pre-kalifye machann yo epi yo jeneralman oblije bay moun ki fè apèl d'òf ki pi ba, pi reyaktif ak responsab la pami tout moun ki reponn yo, sa ki ka poze yon defi patikilye pou konpayi kap emèje ak konpayi MWBE yo. Pou senplifye pwosesis akizisyon an nan asire ke òf ki revize ak chwazi yo soti nan vandè apwopriye, Gouvènè Hochul pral elaji otorite pou itilizasyon lis prekalifye bay ajans ak otorite Eta yo.

Rasyonnalize Deplasman Sèvis piblik yo pou Otorite Transpò Metwopoliten

Demajman sèvis piblik yo se eleman konplèks nan pwojè kapital Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) ki mande yon kolaborasyon sere pami divès pati pou yo reyisi epi ki souvan kapab yon sous ki bay gwo reta. Pou abòde defi sa yo, Gouvènè Hochul ap mande MTA a ak Depatman Sèvis Piblik la pou kreye yon pwosesis pou asire atitid pwojè ak kowòdinasyon ant konsepsyon ak konstriksyon transpò ak sèvis piblik la. Pwosesis sa a pral lakòz yon rediksyon nan delè konstriksyon ak pi ba pri pou pwojè a an jeneral, pandan y ap pwoteje kontribiyab sèvis piblik yo.

Amelyore efikasite pwosesis Gouvènman an

Dijitalize papye travay pou jèn yo

Pwosesis pou aplike pou papye travay pou jèn yo demode, li sèlman repoze sou papye, epi li manke repoze sou koleksyon done ki koyeran ak inifòm. Anplwayè yo oblije kenbe dokiman papye yo nan dosye epi yo resevwa amann lè yo manke papye travay pou jèn yo. Pou modènize pwosesis la epi redwi fado sou biznis yo, Gouvènè Hochul pral avanse lejislasyon pou dijitalize papye travay pou minè yo epi kreye yon pòtay inik sou entènèt pou jèn yo, moun k ap bay swen, anplwayè, ak administratè lekòl yo.

Amelyore Suivi ak transparans pou resous Eta ak pwojè kapital yo

Investisman enpòtan Eta Nouyòk nan pwojè kapital yo manke yon sistèm santralize pou swiv pwogrè oswa jere enfòmasyon sou pwopriyete Eta yo. Diferans sa a konplike kowòdinasyon atravè ajans yo epi li limite opòtinite pou planifikasyon enfrastruktir estratejik ak itilizasyon pwopriyete Eta yo. Pou abòde sa, Gouvènè Hochul pral kreye yon baz done ak tablodbò pou pwojè kapital yo, ansanm ak yon kat envantè pwopriyete ki aksesib pou piblik la pou amelyore transparans ak efikasite nan jere resous Eta yo.

Kreye yon Biwo Inovasyon ak Efikasite nan Eta a

Ajans Eta yo souvan ap lite pou yo reyamenaje operasyon yo epi aplike amelyorasyon akòz ekspètiz entpèn limite. Pou adrese sa, Gouvènè Hochul pral etabli yon biwo devwe pou sipòte ajans yo nan bay konsiltasyon entèn, sipò pwojè santralize, ak swiv pèfòmans. Biwo a pral pibliye rapò sou pwogrè chak ane, pou asire amelyorasyon sèvis transparan ak mezirab pou Nouyòkè yo.

Anbrase yon ekonomi sikilè nan Empire State Plaza

Empire State Plaza jenere dechè ki enpòtan, anpil nan yo ka detounen gras ak pi bon pratik resiklaj ak konpostaj. Gouvènè Hochul pwopoze elaji efò pou devye dechè yo nan Empire State Plaza ak nouvo siyalizasyon, poubèl yo plase estratejikman, koleksyon dechè manje anvan konsumasyon, ak odit dechè. Enplemantasyon siksè pral sèvi kòm yon modèl pou lòt enstalasyon Eta a, ki demontre jesyon dechè efikas ak pratik dirabilite.

Rekrute nouvo talan ak modènize sistèm sèvis sivil la

Gouvènè Hochul pran angajman pou atire ak kenbe anplwaye sèvis piblik yo nan pwolonje pwogram Anbochaj pou Plasman Ijans Limite nan tout Eta a (Hiring for

Emergency Limited Placement Statewide, NY HELPS), anile frè egzamen sèvis sivil yo, epi lanse yon kanpay sansibilizasyon nan tout eta a pou ankouraje opòtinite nan sèvis piblik yo. Anplis de sa, yon nouvo Pòtal Travay Eta Nouyòk ak Sistèm Suivi Aplikasyon yo pral senplifye rekritman, modènize pwosesis anbochaj la, epi amelyore efikasite nan sistèm sèvis sivil la.

Ogmante aksè ak sèvis Gouvènman yo

Gouvènè Hochul pral antreprann yon seri inisyativ ki ogmante aksè a sèvis gouvènman yo. Premyèman, Gouvènè Hochul pral aplike yon pwogram pilòt pou enstale kyòs endepandan nan kominote ki gen gwo bezwen yo pou bay aksè ak benefis piblik tankou Pwogram Nitrisyon Sipleman tè Espesyal pou Fanm, Tibebe ak Timoun (Special Supplemental Nutrition Program for Women, Infants and Children, WIC), Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman tè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) ak sèvis gadri nan kote ki gen anpil sikilasyon yo. Pwogram sa a pral redwi tan vwayaj ak tan datant pandan l ap ofri sipò nan plizyè lang ak aksè pi fasil a resous esansyèl yo. Gouvènè a pral avanse tou lejislasyon pou ogmante efikasite pwosesis plent Divizyon Dwa Moun nan epi li pral modènize pwogram asistans pou reklamasyon Biwo Sèvis Viktim yo pou amelyore aksè ak efikasite pou viktim krim yo.

Ranfòse enfrastrikti dijital nou an

Egzije deklarasyon ensidan sibè nan Gouvènman lokal yo

Atravè pwogram sèvis pataje a, Gouvènè Hochul te bay gouvènman lokal yo zouti ak sèvis pou defann sistèm pa yo. Teknoloji sa yo ede kontwole ak reyaji a menas sibè an tan reyèl, asire sèvis gouvènman an ka pi byen pwoteje. Eta Nouyòk te fè pwogrè nan amelyore sibèsekirite atravè efò sa yo ak lòt, men gen yon diferans enpòtan paske gouvènman lokal yo pa oblije rapòte ensidan sibèsekirite bay Eta a. Notifikasyon alè sou ensidan sibèsekirite ki afekte gouvènman lokal yo esansyèl pou pèmèt Eta Nouyòk devlope konesans sou sitiyasyon an nan kad aktivite sibèmenas nan tout eta a epi kreye yon imaj menas konplè ki ede defann sèvis gouvènman yo epi pwoteje tout Nouyòkè yo. Pou abòde pwoblèm sa a, Gouvènè Hochul pral pwopoze lejislasyon ki egzije gouvènman lokal yo rapòte ensidan sibèsekirite ak peman ranson atravè yon mekanis santralize. Lejislasyon sa a pral obligatwa pou rapòte peman yo fè bay sibèkriminèl yo, amelyore kapasite Eta a pou reponn ak menas yo, pwoteje enfrastrikti enpòtan yo, epi redwi risk sibèsekirite nan tout eta a.

Egzije fòmasyon konsyantizasyon sou sibèsekirite pou anlwaye gouvènman yo

Fòmasyon konsyantizasyon sou sibèsekirite enpòtan anpil pou pwoteje sistèm gouvènman yo kont menas ki de pli zan pli sofistike. Eta Nouyòk bay anlwaye branch egzekitif yo yon fòmasyon modèn sou sibèsekirite, ak yon reyalyasyon obligatwa chak ane. Gouvènè Hochul pwopoze pwolonje egzijans sa a bay gouvènman lokal yo epi li pral ofri fòmasyon san frè adisyonèl. Eta a pral bay fòmasyon gratis sou entènèt, asire aksè inifòm epi ranfòse rezistans sibèsekirite operasyon ak sèvis gouvènman yo nan tout eta a.

Ranfòse sekirite rezo nan tout Eta a

Menas sibè Nouyòkè yo fè fas a pa janm te anpil, pi sofistike, oswa pi danjere konsa anvan. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, yo te fè pwogrè enpòtan pou avanse sibèsekirite ak rezistans rezo gouvènman eta ak lokal yo kòm yon pati nan estrateji sibèsekirite pou tout eta k ap mennen nan peyi a. Investisman adisyonèl nan Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmasyon (ITS) pral pèmèt Eta a kontinye deplwaye zouti sibè ki trè efikas pou ede defann gouvènman eta a ak gouvènman lokal yo epi devlope plis yon mendèv kalifye, dinamik ak angaje.

Gouvènè Hochul pral konstwi sou envèstisman istorik li yo nan teknoloji ak sibèsekirite pou asire ke ITS gen resous ki nesèsè pou kontinye avanse sibèsekirite ak rezistans pou afwonte nouvo menas sibè danjre nou fè fas ak yo. Investisman sa yo pral ede asire enfrastruktir teknoloji Eta Nouyòk la konsève, risk sibè redwi nan tout eta a, epi sèvis sekirite sibè nan tout eta a kontinye ede pwoteje gouvènman eta a ak gouvènman lokal yo kont menas k ap evolue yo.

Elaji ak pwolonje sèvis wo debi al selilè piblik

Apati travay enfrastruktir wo debi piblik ke Gouvènè Hochul te antreprann pandan kèk ane ki sot pase yo, Gouvènè a pral lanse Rezo Wo Debi Excelsior (Excelsior Broadband Network), yon nouvo rezo wo debi piblik nan tout eta a ak objektif pou rive soti Buffalo rive Plattsburgh atravè Syracuse ak Albany rive Binghamton ak Vil Nouyòk, ak Inisyativ Koneksyon Sèvis Mobil la. Excelsior Broadband Network pral konstwi ak konekte yon rezo aktif wo debi piblik atravè eta a, epi premye eleman an pral yon nouvo liy fib ki pase sou tout longè Thruway Nouyòk la. Rezo fib dènye modèl otou Thruway Nouyòk la pral amelyore entènèt gwo vitès ak sèvis telefòn selilè fyab atravè pati riral ak iben yo nan eta a.

Bay fòmasyon sou Entelijans Atifisyèl pou mendèv Eta a

Fòmasyon, edikasyon, ak devlopman konpetans sou Entelijans Atifisyèl (Artificial Intelligence, AI) ka ede travayè yo ak mobilite asandan epi yo konprann ki jan AI ka otomatize travay woutin yo ak ogmante pwodiktivite. Gouvènè Hochul pral bay egzanp lè li asire mendèv Eta a gen aksè ak fòmasyon sou fason pou yo sèvi ak AI yon fason responsab, espesyalman kòm anplwaye sektè piblik. Gouvènè a pral mande Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmasyon (Information Technology Services, ITS) pou lanse fòmasyon AI bay anplwaye mendèv ke ITS sipòte yo. Fòmasyon pral bay edikasyon debaz sou fason yo ka itilize AI san danje nan espas travay la pou amelyore pwodiktivite ak efikasite. ITS pral konplete pwogram sa a ak yon seri zouti AI jeneratif ki an sekirite epi ki kontwole pou ede anplwaye Eta yo ak aplikasyon pratik fòmasyon an.

Defann Nouyòkè yo

Konvoke Inisyativ Empire State Freedom lan

Gouvènè Hochul ak Pwokirè Jeneral James te konvoke Empire State Freedom Initiative (Inisyativ Libète Empire State) la pou pwoteje Nouyòkè yo kont yon varyete enkyetid politik ak regilatwa ki ka soti nan nouvo lidèchip Mezon Blanch lan ak Kongrè a. Rreprizantan Biwo Zafè Federal Gouvènè (Governor's Office of Federal Affairs), Biwo Konseye Jiridik, Depatman Sekirite Nasyonal ak Sèvis pou Ijans (Department of

Homeland Security and Emergency Services, DHSES), Biwo Pwokirè Jeneral (Office of the Attorney General) Eta Nouyòk la ak lòt ajans ki enpòtan yo ap travay ansanm pou analize potansyèl vilnerabilite legal, regilatwa ak fiskal yo. Ekip yo pral gen responsabilite pou idantifye mezi pwo-aktif ke Eta Nouyòk ak ajans li yo ka pran atravè lejislasyon eta a, eta dedwa, afektasyon, patenarya ak delegasyon Kongrè Nouyòk la.

Gouvènè Hochul te fè modènizasyon ak amelyorasyon operasyon eta yo yon gwo objektif nan manda li a nan gouvènman an. Nan rekonèt enpòtans yon gouvènman ki konsantre sou kliyan, Gouvènè Hochul tou te senplifye sèvis yo pou amelyore eksperyans pou rezidan yo atravè eta a lè li fèmen twou vid ki genyen yo, redui chaj taks avèk tan pou Nouyòkè yo, amelyore efikasite operasyon yo, ak amelyore sèvis sou entènèt pou yo kapab plis favorab pou itilizatè yo. Administrasyon Gouvènè Hochul la:

- Mande yon apwòch eksperyans kliyantèl nan operasyon gouvènman yo, ki gen ladan fè chanjman enpòtan pou akselere livrezon benefis yo, modènize paj wèb yo, ak ankouraje pi gwo aksè ak resous gouvènman yo.
- Enplemanje yon estrateji sou cybersecurity pou tout eta a ki gen ladan devlope Sant Operasyon Sekirite Konjwen Eta Nouyòk la ak bay sèvis pataje pou gouvènman lokal yo.
- Revize sistèm demode Depatman Veyikil Motorize (Department of Motor Vehicles, DMV) a pou amelyore siyifikativman kapasite ajans lan pou akselere entèraksyon konsomatè yo.
- Diminye baryè pou jwenn aksè pou pwogram enpòtan gouvènman yo lè yo rann li pi fasil pou enskri nan Pwogram Nitrisyon Siplemanchè Espesyal pou Fanm, Tibebe ak Timoun (WIC), Pwogram Nitrisyon Siplemanchè (SNAP), ak asistans pou gadri.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)